



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org



Pwogram Sipò pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Re-adaptasyon Pwofesyonèl la (VR) ede elèv ki nan lekòl segondè ki gen andikap fizik oswa mantal yo suiv pwogram endividyalize ki ap mennen yo sou chemen yon karyè ki enteresan.

Pwogram VR ap soutni, ki ede elèv ki gen andikap yo jwenn fòmasyon pou yon travay, kontinye etid yo, oswa jwenn yon travay apre yo fini lekòl segondè. Nan kad pwogram sa yo, chak jèn ap gen posibilite pou patisipe nan oryantasyon pwofesyonèl ki esponsòriz, nan fòmasyon pou prepare pou travay epi fè eksperyans travay ki entegre nan kominote a nèt.

Nou bay sèvis sa yo pandan jèn yo nan segondè toujou oswa pandan yo ap suiv ansèyman siperyè pou etabli baz tranzisyon pou fòmasyon, edikasyon ak travay endividyalize san difikilte.

**VÈSYONAN
KARAKTÈ KI
GWO**

Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl pou Elèv

VR sipòte elèv ni nan pwogram segondè ni pwogram aprè segondè lè li itilize modèl ki chita sou prèv ki efikas pou sèvi elèv ki gen andikap. Efò sa yo ogmante kapasite VR pou li bay sèvis pandan l ap sipòte pwogram ki debouche sou travay.

VR soutni elèv yo nan plizyè pwogram, tankou:

- Lekòl Segondè Wot Teknoloji (High School High Tech);
- Ansèyman Enklizif Apre Lekòl Segondè (Inclusive Postsecondary Education); epi
- Pwojè RECHÈCH (Project SEARCH)

Pwogram Tranzisyon Tradisyonèl

Pwojè RECHÈCH (Project SEARCH)

Yon pwogram estaj yo rekonèt sou plan nasyonal ki chita sou yon patenarya kolaborasyon ak distri lekòl lokal la, yon antrepriz akèy ak VR. Se yon modèl ki met aksan sou antrepriz ki la pou ofri elèv ki gen 18 a 21 lane divès eksperyans pwofesyonèl ak konpetans sosyal ki nesesè pou asire yon karyè ki enteresan. Florida se premye nan nasyon an pou kantite sit li genyen. Nan listwa pwogram sa a, li te toujou gen to travay konsiderab pou patisipan.

Lekòl Segondè Wot Teknoloji (High School High Tech)

High School High Tech (HSHT) se yon patenarya kolaborasyon ant

VR, Able Trust ak distri lekòl lokal ki ekspoze jèn fas a travay ki gen anpil demann nan domèn syans, teknoloji, enjeniri ak matematik (science, technology, engineering and math, STEM). Eksplorasyon anplis STEM yo se eksperyans pwofesyonèl ak opòtinite w ap jwenn apati pwofesyonèl VR.

Ansèyman Enklizif Apre Lekòl Segondè (Inclusive Postsecondary Education)

Pwogram Inclusive Postsecondary Education (IPSE) ofri opòtinite pou aprantisaj, preparasyon pou travay, aktivite rekreyatif, entèraksyon sosyal ak devlopman sipò natirèl ki adapte ak laj elèv ki gen andikap entèlektyèl ak lòt twoub devlopman. Anpil nan 15 pwogram IPSE yo rekonèt nan tout eta a ofri yon eksperyans inivèsitè reyèl pandan yo asosye jèn ak lòt jèn parèy yo, ankadreman inivèsitè ak kominotè.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de
video y retransmisión de Florida
711 disponibles



www.Rehabworks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Programas de Empleo
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.